Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 44 (6444) 24 август 2015 с. Итни ЗулкъагIида 1436 с. Багьа 5 гъур.

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Хъорщол къадал хисана

**Бакълъулазул школал цIияб цIалул соналде хIадурго руго**

**Россиялъул нухмалъулезго гIадин, бакълъулазул нухмалъулезги лъайкьей цебетIеялде цIикIкIараб кIвар кьола. 2015-2016 цIалул соналде хIадурго руго Гумбет районалъул школал. Капремонт гьабуна Гьарадирихъ гьоркьохъеб ва ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школазе. Цоги росабазул школазул минаби-ги къачIан руго.**



Исана Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул нахъисеб къед цIидасан бана. Гьоркьиса гьединго цIигьабун букIана цебесеб къедги. Гьел хIалтIабазул хIасилалда гьеб школалъул мина гьенир цIалулезе ва хIалтIулезе хIинкъи гьечIеблъун лъугьана. Хъорщол къадал басралъун, биххун инехъин букIана гьеб мактаб.

2015-2016 цIалул соналде Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа къачIалеб буго «Райспецстрой» ООО-ялъ. Гьеб идараялъул гендиректор **МухIамадзагьид МухIамадовас** бицана, рехсараб школалъул мина цIигьабизе, гордал хисизе ва хинлъизарулел алатал къачIазе исана гIагаршагарго 800-900 азарго гъурщиде хIалтIаби гьарулел ругилан. Гьеб хIаракаталъулъ Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор **ХIассан ГIалихIажиевасги** жигарчилъи бихьизабунилан бицана МухIамадзагьид МухIамадовас.

Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор ХIассан ГIалихIажиевас абуна жиндирго, учительзабазул, цIалдохъабазул ва гьезул умумузул, гьединго тIолабго гьарадерил жамагIаталъул цIаралдасан жиндица баркала загьир гьабулин Гумбет районалъул нухмалъулезе школа къачIаялъе гьабураб кIудияб кумекалъухъ ва жамагIаталдехун бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ.

**ХIамзат ГIизудинов**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 70 СОН

## Дида ккола рагъда камурал васал...

**Эбелаб ВатIаналъул 20 миллион чиясул гIумру къурбанлъараб ВатIанияб рагъ нилъер халкъалъул букIана бищунго захIматаб хIалбихьиялъул цояблъун. 1418 сордо-къоялъ халат бахъана, инсаниялъул тарихалда жаниб жинда данде лъезе цоги мисал гьечIеб советияб халкъалъул къвакIиялъулги, багьадурлъиялъулги хIалбихьараб КIудияб ВатIанияб рагъ. Гьеб цIоб гьечIеб рагъулъ Дагъистаниязги бихьизабуна багьадурлъиялъул мисалги цIарги. Фашизмалде данде гьабулеб рагъалъ дагьалги гъункизаруна нилъер миллатал, цIикIкIизабуна гьезулъ ВатIаналде рокьи. Дагьлъулел руго рагъул гIахьалчагIи. Амма гьезул бахIарчиял ишал нилъеда киданиги кIоченаро. «ЧIахъаги Бергьенлъи».**

Нилъеда кIочене бегьуларо рагъда гIахьаллъарал росуцоял. Рагъ лъугIун гIемер сонал ана. Амма чIаго руго гьелда гIахьаллъарал. Руго рагъул хIакъалъулъ хъварал тIахьалги. Гьел тIахьал цIалидал гIун бачIунеб гIел пикру гьабизе тIамула рагъда гIахьаллъаразул бахIарчилъиялъул къохIехьеялъул. Лъималазул рекIелъ гьеб рагъул асар хутIизаби нилъеда бараб буго. ЦIализе ккола гьелги гIахьал гьарун рагъул хIакъалъулъ тIахьал.

**А. П. Алексеевасул** «Рассказы», **Б. Андреевасул** «Воля котик», **Б. Васильевасул** «В списках не значился», «А зори здесь тихие», **Г. Я. Балкановасул** «Навеки- девятнадцатилетние», **А. П. Гайдарил** «Сказка о военной тайне о мальчике – Кибальчише и его твердом слове», кучIдул «Идет война народная», **В. П. Катаевасул** «Белеет парус одинокий», «Сын полка» ва цогидалги.

КIудияб ВатIанияб рагъул соназ кIвахI гьечIого хIалтIана нилъер хъвадарухъабазул гIолохъанаб гIел **Р. ХIамзатов, М. Сулиманов, М. Шамхалов, ГI. Хачалов, М. Абакаров, ХI. Залов**. Гьез хъван буго мугIрузул васазул бергьенлъабазул, гьезул тушбабазде бугеб ццин, къисас босизе бугеб хIаракаталъул хIакъалъулъ асарал.

**ГIазра Абубакарова,**
**ЦIиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей**

НОМЕРАЛДА РУГО:



СШАялъул къарзазде ккун гьечIо

-2 гьум.



ЦIилкьал КIудияб ВатIанияб рагьда

-2 гьум.



10 295 тонна харил ва 25 га – цIиял ахазул

-3 гьум.



ЛъаратIа: «Милъирщодул» куркьбал

-3 гьум.

ЦIУН БАЧIАЙГИ

# СШАялъул къарзазде ккун гьечIо

## Хасал ва гIаммал магIишатал церетIеялъе ресал

**«Гумбет» газеталъул хIалтIухъаналъ чанго суал кьуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановасе.**

**- ХIайбула, Россиялъул Федерациялъул хIукуматалъул председатель Дмитрий Медведевас росдал магIишаталъул министерствоялъе тIадкъай кьун буго живго бетIергьанаб гIи-боцIул къадаралъул рахъалъ гIорхъи лъезе предложение хIадуреян. Дуца гьелда хурхун щиб абилеб?**

- Дица абила гьеб рахъалъ гIадлу гIуцIизе Россиялъул хIукумат 20-25 соналъ кватIанин. Гьеб суал районазул росдал магIишаталъул управлениязе нухмалъулез Дагъисталъул росдал магIишаталъул министерствоялъул данделъабазда 1990 соналдасаго цебе лъолеб букIана. Щай гурелъул, жалго бетIергьанал магIишатаз гьеб заманалдаго дагь-дагь ккун нахъе цун, «ракьанда рекIинабулеб» букIана гIаммаб магIишат. Жалго бетIергьанаб гIи-боцIи хъутабазда цIикIкIиналъ, соналдаса соналде цIикIкIун тIалаб гьабулеб букIана сага, рецаби. ГIаммаб магIишаталде дояркаби, боцIул ва гIиял гIухьби ралагьи лъугьана кIудияб проблемалъун. Жакъа къоялде цогIаги СПКялда абизе бегьула, жидерго росулъа цониги доярка хIалтIулей гьечIин. Гьел руго цогидал районаздаса ва цогидал миллатазул гIадамал. Чияр районалъул гIадамаз ракI бухIараб хIалтIи гьаби щакаб жо буго. Гьел къватIиса рачIарал хIалтIухъаби цIикIкIарасел рукIуна жидерго росулъ хIебтIичIел, ай лъалеб жо буго тIаса рищарал лъикIал хIалтIухъаби гьел рукIунареблъи. СПКязул гIи риидал магIарде гочуна санайил. Жалго бетIергьанаб гIи, щиб багьана батунги хутIизабула хъутаналдаго. Гьелдалъун хъутаналъул ракь гIуруялдаса бацIцIалъулеб буго. Гьелде тIаде руго цойги лъикIал гьечIел рахъалги.

1. Жидер рекъараб гIи-боцIи бугезул гIи-боцIуе сага къварид гьабулеб буго, гIи-боцIи цIикIкIараз.

2. СПКялда, ижараялда тIад щула гьабураб ракь, СПКялъ ижарахIакъги кьолеб, чIобого хIалтIизабулеб буго СПКялъул хIалтIулъ щибго гIахьаллъи гьечIел, гьелъул гIаксалда СПКялде данде чIараб хабар бицунез.

3. ЦIикIкIараб къадар гIи-боцIул СПКялъул ракьалда лъагIел халасаго хьихьун гьез кьолеб гьечIо ракь хIалтIизабуралъухъ мухь.

4. Жалго бетIергьанал магIишатаз учузго щолеб буги, босулеб буго гIи-боцIи



къватIиса, гьелъул рахунел унтабазул рахъалъ халгьабичIого. Районалъул бруцелезалдаса ва цогидал рахунел унтабаздаса бацIцIадаб СПКялъул ва жалго бетIергьанал гIадамазул гIи-боцIуде унти бахинабулеб буго. Гьединал хIужаби тIатана районалъул ветеринариял хIалтIухъабазе МелъелтIа, ЦIиликь, Щабдухъ росабазул хъутабазда. Гьез заманалда гьел лъугIинари гIуцIичIебани рес букIана бруцеллез хъутабазда тIибитIизе.

**- Гьанже гьеб суал Россиялъул хIукуматалъул даражаялда борхизе дур хIисабалда сунца рачарал?**

- Гьеб суал цебе лъолеб букIана регионазул нухмалъулез цебегоялдаса. Гьез абулеб букIана ЛПХялъул рахъалъ Россиялъул закон хисизабизе кколин. Исана Краснодаралда тIобитIараб, бачIин бакIариялъул суал гьоркьоблъураб, Россиялъул хIукуматалъул бетIер Дмитрий Медведевас тIобитIулеб совещаниялда гьеб суал бегIерго цебе лъуна Ставрополалъул губернатор Владимир Владимировас. Гьес гьениб абулеб букIана жалго бетIергьанал магIишатал ругин жидер азаргоги – цIикIкIунги гIи-цIани ва гьединго цIикIкIараб къадар чIегIер боцIулги бугел, индивидуалиял магIишатазул хъвай хъвагIайги гьабичIел, пачалихъалъе кинал ругониги налогалги кьоларел, жидеда тIад щула гьабураб гьеб гIи-боцIуе гIураб ракьги гьечIого, чияр ракьаздасан закнияб гуреб къагIидаялъ пайдаги босун, жал ругелъуб социалияб тIадецуйги цIикIкIинабулелан. Ставрополалъул бетIерас абулеб букIана совещаниялда, ЛПХлъун рикIкIине кколин 20ялде щвезегIан гIи-цIаниги, 5 ялде щвезегIан чIегIербоцIиги бугел магIишаталин. Гьединаб хиса-баси гьабизе кколин Россиялъул ЛПХялъул рахъалъ законалда.

**- Мун разияв вугищ Ставрополалъул бетIерасул предложениялда?**

-Дун Ставрополалъул бетIерасул предложениялда рази вуго. ЛПХялъул хьихьулеб гIи-боцIул къадаралда гIорхъи чIвазе ккеялда ва гьеб хьихьизе гьез жидеего ракь законияб къагIидаялъ тIалаб гьабизе ккеялда. Амма дун разияв гьечIо, 50 абилел соназ Хрущевас гIадин, гьеб ишалъулъ «перегибал» гьариялда. 20 чахъу ва 5 чIегIергIайван гьеб цIакъго дагьаб къадар буго ЛПХялъе. Гьелде тIаде ЛПХялъ налогал кьолеб къагIида законалде бачани, законалде бачине ккела ЛПХязе, СПКязе, ОООязе, КФХязегогIадин, пачалихъияб кумек щолеб къагIидаги.

Цебехун абухъе, гьел «перегибал» гьаруни нилъ рачIине бегьула циндаго гIи-боцIул къадар ва гьелда цадахъ гьездаса рахъулел продуктабазул къадар дагьлъиялде, гIи-боцIул продуктабазул багьаби хиралъиялде ва гьелда хурхун цогидалги социалияб рахъалъ тIадецуял, хIалуцинал цIикIкIиналде. Гьединаб ахIвал-хIал ккун букIана Хрущевас приусадебнияб магIишат тIагIинабизе байбихьидалги араб гIасруялъул 60 абилел соназ. ГIи-боцIухъанлъи улкаялда нахъе ккеялде рачинин ккола гьединал «перегибаз». Гьадинги улкаялда гIезабулеб гIи-боцIухъанлъиялъул продукция гIураб къадаралдаги гьечIого, гьеб дагьабги дагьлъулеб политика бачин букIина Россиялде данде гьарулел «санкциязул гьабихъе» ханади гIадаб иш.

Дида ккола нилъер улкаялъул бетIер Владимир Владимирович Путинил гьунар гIелин гьеб захIматаб масъала кинабго рахъалъ пайдаяб къагIидаялда гIумруялде бахъинабизе. Владимир Путин бетIерлъуде вачIиналде «гьардухъ лъугьун» Америкаялъул кредитазухъ гьез малъа-малъараб гьабун, накалде ккун букIараб пачалихъ, тарихалъул рахъалъ къокъаб заманалда жиб дунялалъул сообществоялда рикIкIунеб, жинда дунялалъулаб политика тIобитIулаго жиндир пикру хIисабалде босичIого тIубалареб пачалихъалде сверана. Гьаб суалги гьединго бергьенлъиялда нухде бачинин нилъер президентасан ракI чIола дир.

**КъурмагIъиз ХIадисова**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 70 СОН

# ЦIилкьал КIудияб ВатIанияб рагъда

### Камал Качалаев

**Киналго росуцоялго гIадин, кIудияб хъизанги нахъе тун, Камал ана ракIбацIцIадго жиндирго борч тIубазабизе. ГIемерал батIи-батIиял хIалтIаби тIаде ккола гьесда: рекIаразул полкалъе чуял хьихьи, армиялъе хIажатаб гIи хьихьи ва цогидалги.**

1943 соналда ккола Курск шагьаралъе гIоло рагъде. Цогидаб рахъалде Днепр бахунаго Камалил гIемерисел гьалмагъзаби хола. Камал лъукъула. Гьес гьелде кIвар кьоларо. Часталде тIад вуссунаго цояв гьалмагъас гьесда мун лъукъун вугилан абула. ВитIула Ереваналъул госпиталалде. Гьениб операция гьабула ва 1943 соналъул хасалихъе рокъове виччала.

Росулъе тIадвуссун хадув гьев хIалтIана колхозалда вехьлъун. ВукIана цебесеб кьерда.

Качалаев хвана 1993 соналда. Вукъун вуго ЦIиликь росулъ.

### Абулкъасим Гъайирбегов

**Гьале магIарухълъи, гьале доб ЦIиликь.**
**Гьале доб чачанлъи, гьале лъарагIлъи.**
**Чан сон ананиги цIар хисичIого,**
**Руссана ниж духъе, гIагараб ЦIиликь.**

**Абулкъасимидаги бихьана рагъул кьогIлъи. Гьев ВатIан цIунизе ана 1941 соналъул июль моцIалда. Абулкъасимица хъулухъ гьабулеб букIана рекIаразул полкалда.**

Вагъана бахIарчиго. КIиябго бохги лъукъун ккола госпиталалде. Сахлъун хадувги цIидасан рагъде витIула. Гьес рагъул кьогIлъиялъул, бихьараб ракъи-къечалъул, чIвалел рукIарал солдатазул бицунеб мехалда бадиб магIу кквезе кIолароан. Чанго сордокъоялъ, ракъиялъ гьез кванан буго чуязе кIалцIуе бачIараб ниха.

ГIагараб росулъе тIад вуссана 1945 соналъул июнь моцIалда. ХIалтIана ракIбацIцIадго колхозалда.

Хвана 1999 соналда. Вукъана ЦIиликь.

### СилахI ШайхахIмадов

**СилахI гьавуна 1917 соналъ ЦIиликь росулъ. Орден медалазул керенги цIун квегIаб рахъалда рукIарал киналго хьабалахъагIучIалги дора тун тIад вуссана рагъдаса СилахI ШайхахIмадов. Гьев вукIана ВатIанияб рагъул тIоцебесеб группаялъул инвалид. ГьитIинго эбелэменги хун бесдал хутIарав гьев росдал Советалъ вац Арсанмирзагун цадахъ витIула МелъелтIе школа – интернаталде. Доб мехалъ жиндир анцIила кIиго сон букIанилан ракIалде щвезабулаан СилахIица.**

1939 соналъ Казбек райвоенкоматалъ гьев витIана армиялде. Гьениб хъулухъ гьабулаго байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. ГIахьаллъана рагъда, вагъулев вукIана Северияб Кавказалъул ва кIиабилеб Украиналъул фронтазде кколел аскаразда гъорлъ.

Кубаналъул ракьалда унел рукIана цIоб гьечIел рагъал 1942 соналъул декабрь моцIалъ. Краснодар фашистаздаса эркен гьабулаго цо борхалъудасан немцаз лъураб кьвагьиялъ бетIер эхеде борхизе толеб букIинчIо. Буюрухъ бачIана нилъер аскаразул бадиб къараб заз гIадин букIараб гьеб гохIдаса немцал нахъе гъезе. Жиндирго отделениегун гьужумалъ унев сержант ШайхахIмадовасда аскIоб бихъана гIарададул гулла, гьелъул тIел щун лъукъарав СилахIги лъавудаса ун гIодов ккана.

Сахлъун хадув цIидасан тIад вуссана СилахI рагъде, гьанжесалалъ гьев ккана кIиабилеб Украиналъул фронталде, гIахьаллъана Кривой Рог ва гIемерал цогидалги шагьаралгун росаби эркен гьариялъулъ. Цо рагъулъ 1943 соналъул 11 марталда нахъеги лъукъана гьев. Ва гьанжеги добго гумпараялъул кесекалъ квегIаб хьибил тIезабула. Щоле-щолеб жо жинда квегIаб рахъалда щолаанилан велъулаан СилахI. Гьедин захIматго лъукъарав ШайхахIмадов сах гьавизе Бакуялде госпиталалде витIула. Гьениб чанго моцIги бан. 1944 соналъул июнь моцIалда СилахI витIула рокъове. Гьедин лъугIана лебалав рагъухъан, сержант ШайхахIмадовасе рагъ.

Фронталда бихьизабураб багьадурлъиялъе гIоло СилахI мустахIикълъана 12 орден-медалалъе.

Ракълилаб заманалдаги кверал тIатIала лъун чIечIо СилахI. Чанго соналъ гьев вукIана Гумбеталда почалъул отделениялъул начальниклъун, хIалтIана колхозалда бригадирлъун. Хадув гочана Хасавюрталде. Вукъун вуго Хасавюрталда.

**ГIазра Абубакарова,**
**ЦIиликь росдал**
**библиотекаялъул**
**нухмалъулей**

ЦIИЯБ ТIЕХЬ

**МахIачхъалаялда басмаханаялда къватIибе биччана Дагъисталъул мустахIикъав тохтур, машгьурав хирург Пироговасул цIаралда бугеб «ГIаданлъиялъул ва рахIмуцIобалъул рахъалъ халатаб заманалда гьоркьоб хIалтIуе гIоло» абураб медаль щварав МелъелтIаса Эсенбулат ГIабдулаевасул «Бесдал яц» абураб тIехь. Гьеб ккола Эсенбулатил щуабилеб тIехь.**

**КъурмагIъиз ХIадисова**

ЗАХIМАТ БИХЬИЧIОГО, РАХIАТ БОКЬАРАС…

# 10 295 тонна харил ва 25 га – цIиял ахазул

### Бакълъулазул росдал магIишаталъул ахIвал-хIал

**Гумбет районалъул Бабаюрталъул зонаялда ругел СПКязул хъутабазда культураби ракIари кин арабали, хасалоялде гIи-боцIуе рагIи хIадури кин унеб бугебан абурал ва цогидалги суалалгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Гумбет районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовгун.**

**- Ибрагьим, районалъул СПКяз хъутабазда хаслихъе культураби чан гектаралда рекьун рукIарал? Гьеб бакIари кин нухда регIараб?**

- 2015 соналъе хасалил культураби рекьун рукIана 570 гектаралда. БакIарана 550 гектаралдаса. Кинабниги щвана 1240 тонна. Гьоркьохъеб хIисабалда цо гаялдаса бачIана 22, 5 центнер тIощалил. Араб соналде данделккун, гIаммаб бачIин 365 тоннаялъ, цо-цо гектаралдаса гьоркьохъеб хIисабалда бакIарараб 2,8 центнералъ цIикIкIана. БачIин бакIарана гIуцIа-къан, ками ккечIого.

**- Хасалил культурабазул лъикIаб бачIин бакIарарал росдал магIишаталъул кооперативал кинал ругел?**

- Щибаб гектар хIисаб гьабун, «Данухский» СПКялъ 28,3, «Цилитлинский» СПКялъ 24, «Мехельтинский» СПКялъ 22, 6, «Тляратинский» СПКялъ 25, 3 центнер пурчIина бакIарана.

**- Механизаторал нильергойищ кколел, яги дора-гьанисайищ? Гьезие кигIанасеб мухь кьураб?**

- БачIин бакIаризе комбайнерал ккуна къватIиса, ай Новонадеждинский МЖСялдаса. Гьезие кьуна, цо га бакIарун, 2000 гъурущ.

**- ТIасияб соналъул бачIиналъе кьучI лъолеб бугищ? ХIадурун бугищ хьазе хьон?**

- ТIад бан унеб буго хасалил культураби хьазе ракь бегиялъул хIалтIи. БачIин бакIарараб ракьалдаса бакIарулеб буго хьутI ва бегулеб буго ракь. 13 августалде бегана 200 гектар, хIадурун буго хьазе 88 тонна, хутIараб босизе буго хьонал хIадурулеб магIишаталдаса, хIадурлъи гьабулеб буго хьон хьалелде цебе ракь лъалъаялде. ХIисабалде босун буго 2016 соналъул бачIиналъе 580 гектаралда пурчIинадул ва ролъул хьон хьазе.



**- ГIаммаб гIи-боцIуе рагIи-хер хIадур гьаби хъутабазда кин унеб бугеб? Араб соналде дандекккун, гьеб гIемерищ яги дагьищ кколеб?**

- Хъутабазда СПКяз жакъа къоялде хIадурун буго кинабниги 10 295 тонна харил. Гьебин абуни кхола, араб соналъул гьебго заманалда дандеккун, 1305 тоннаялъ цIикIкIун. РагIи-хер хIадуриялъул рахъалъ мисал бихьизабулеб буго 1560 тонна хIадурараб «Мехельтинский» СПКялъ, 730 тонна хIадурараб Шамил имамасул цIаралда бугеб СПКялъ, 670 тонна хIадурараб «Цундинский» СПКялъ, 420 тонна хIадурараб «Тляратинский» СПКялъ, 360 тонна хIадурараб «Ингишинский» СПКялъ.

ХIадурараб хер баччулеб буго гIи-боцIул гьоразда аскIобе. Гьанже байбихьун буго кIиабилеб нухалдаги хер бецизе.

**- Исанасеб сон лъазабун буго Ахихьанлъиялъул сонлъун. Гьеби хIисабалде босун, исана районалда чан гектаралда цIияб ах чIараб?**

- Планалда бихьизабун букIана исана щуго гектаралда цIияб ах чIезе. Ахихьанлъиялъул сон букIин хIисабалдеги босун, ах чIана 25 гектаралда. ЧIезе гIечул, куракул гъутIби росана Хьаргаби плодопитомникалдаса (цо-цо гъотIохъ 100 гъурущ хIисаб гьабун). 25 гаялъул 12 гектаралда гIечул, 13 гектаралда куракул ах чIана. Кинабниги 13 магIишаталда чIарал гьел гъутIбузул 90 процент рекIана.

**- Ах чIаразе субсидия щвезе рес бугищ, гьеб щвеялъе щиб хIалтIи гьабулеб бугеб?**

-ЦIияб ах чIарал рекьарухъабазулгун фермеразул магIишатазда (КФХ), жалго бетIергьанал магIишатазда (ЛПХ), ОООязда тIад ракь «щула гьабиялъе» хIалтIи гьабулеб буго. ХIадурулел руго проектал гьединго материалал, субсидия щвеялъе. Цо магIишаталъул (ЧIиркъатIа КФХ «Труженик») материал кьуна.

**- Исана хьиндаллъиялъул магIишатазда пихьил бачIин бакIариялъул иш кин кколеб?**

- Гьаб соналда хьиндаллъиялда гIадамазе куракул лъикIаб бачIин щвана. Цо-цо гектаралдаса гьезие щвана 78 центнер куракул. Гьеб кkола, цересел соназдa дандеккун, 5 проценталь цIикIкIун. Кинабниги бакIарана 3424 тонна куракул. Гьеб, хвезе течIого, гIадамаз жидецаго, Россиялъул батIи-батIиял шагьаразде ун, бичана. Гьединго ахикьа босизе чагIиги рачIана.

**ГIайшат Исламбиева**

# Кумекалъухъ баркала

**Сапаралда рукIаго Аргъвани росдада гIагарлъухъ авария ккун Болъихъ районалъул нижер РикIкIвани росулъа цо чи къадаралде щвана ва кIигоял захIматго лъукъана. Авария ккараб бакIалде хехго тIаде щун ругоан Гумбет районалъул Аргъвани росдал гIадамал. Гьез кIудияб кумек гьабун буго аварриялде ккарал больницаялде хех щвезари гIуцIиялъеги.**

РикIкIвани росдал жамагIаталъ; аварриялде ккаразул гIагарлъиялъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго Аргъвани росдал гIадамазе нижер росуцоязе гьабураб кумекалъухъ.

**РикIкIвани росдал жамагIат ва аварриялде ккаразул гIагарлъи.**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ЛъаратIа: «Милъирщодул» куркьбал

### Лъималазул ахикь – саламатал шартIал

**ЛъаратIа росулъ лъималазул ах рагьизе ккеялъул суал гIемер борхулеб букIана, хасго хIалтIуда ругел руччабаз. Гумбет районалъул централде хIалтIуде хьвадулезе, гIисинал лъимал хьихьизе, гьезул тIалабагьазалъе чи гьечIезги гьарулеб букIана жидее кумек гьабеян. «Село Тлярата» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер Анвар Залумхановас районалъул нухмалъулезда гьарана лъималазул ах рагьеян ва**



**ЛъаратIа росдал руччабазул мурад тIубаян.**

2013 соналъул февралалда ЛъаратIа росулъ рагьана лъималазул ах, заманаялъ гьеб жаниб хIебтIулеб мина балагьана. Хадуб лъималазул ах бахъинабуна, гIатIидаб, санагIатаб минаги къачIан, гьенибе 2014 соналъул 2 декабралда, районалъул нухмалъулелги рачIун, рохалилаб къагIидаялда лъималазул ах рагьана. «Милъирщо» абун цIарги буго гьелде. 25 лъимералъе бакI буго гьениб. ХIалтIулей йиго 15 хIалтIухъан. Лъабгоял педагогикиял хIалтIухъаби ккола.

Лъималазул ахалъул нухмалъулейлъун хIалтIулей йиго тIадегIанаб лъаялъул махщалилай Асма МухIамадгьазиева. Институт лъугIун хадуб МухIамадгьазиевалъул захIматалъулаб хIаракатчилъи байбихьана ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда библиотекаялдасан, хIалтIана гьенийго халат бахъараб хIалтIул къоялъул группаялда, Ингишо гьоркьохъеб школалда мугIалимлъун.

…Лъималазул ахикье ниж щвараб мехалъ, гьенир ратана заведующая Асма МухIамадгьазиеваги цогидал хIалтIухъабиги. ХIадурлъиялъул группаялда ругезе дарсал кьолел мугIалималги ругоан. ГьитIичазул цо къокъа телевизоралдасан мультфильмазухъ ралагьун ругоан.

МухIамадгьазиевагун цадахъ щвана лъимал регулел, кваналел, расандулел рукъзабахъе. Лъималазул ахикь кисакибего буго рацIцIалъи. Буго хинабги цIорорабги лъим. Рукъзабахъ хинлъи чIезабиялъе токалъ хIалтIизабулеб печь лъун буго. ГIуцIун руго батIи-батIиял бокIонал: чIагоял рухIчIагольаби лъураб, медицинаялъулаб, гьитIичаз гьарурал пластилиналъул тIагIалаби, расанкIаби лъураб ва цогидалги.

Хасаб кIвар кьолеб буго школалде тIоцебесеб классалде рачине ругел лъимал лъикIго хIадур гьариялде. Гьоркьоб къотIизе толаро школалъулгун бухьен. 9 лъимер ине буго лъималазул ахикьа школалде. КIудиязул подгруппаялъул тарбиячIужу Щабаги Сурхаевалъ хIаракат бахъулеб буго лъималазе гьваридаб лъайкьезе. Кьолел руго хIисаб гIелмуялъул, гIурус мацIалъул дарсал, рахъула суратал, кIвар кьола калам цебетIезабиялде. ГьитIичазе рокьула музыкаялъул, физкультураялъул, захIматалъул дарсал. Школалде рачине ругезул тетрадазде балагьараб мехалъ, гIажаибльи гьабизе ккараб хIал бугоан. Берцин ва бацIцIад хьвайхьвагIай гьарурал тетрадал ругоан гьитIичал МухIамадмирза Валиевасул, ГIайшат СулеймановаIъул, Азипат НурмухIамадовалъул, Нугьамирза Зулумхановасул, ПатIимат ГIисаевалъул ва цогидазулги.

- Школалда кьолел гIадин, дарсал кьола лъималазул ахикь, - ан бицана МухIамадгьазиевалъ. ГIурус рагIаби ккун ва малъи гуребги, хIисаб гIелмуялъул мисалал гьарула, альбомазда берцинал суратал рахъула, кучIдул рекIехъе рикIкIине, ахIизе, курдизе малъула. Лъималаз сверухъ бугеб тIабигIаталъулгун лъай-хъвай гьабизе, гьел экскурсиялъ рачуна. ТарбиячагIи ПатIимат МухIамадбековалъ, Муъминат ГIисаевалъ, Узлипат МухIамадбековалъ, музыка кьолей ГIайшат Расуловалъ кIвар буссинабун буго тарбия-лъай кьей лъикI гIуцIиялде. Лъималазе тIагIамаб квен гьабула богогьан ГIайшат НурмухIамадовалъ.

МухIамадгьазиевалъ жиндирго ва тIолабго коллективалъул рахьалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго, расандулеб байданалъе хIажатал алаталги, телевизорги сайигъаталъе росун, лъималазул ах рагьулеб къоялъ рачIарал, бетIералда «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулев МухIамадгIали МухIамадгIалиевгун, районалъул нухмалъулезе. Райадминистрациялъ кумек гьабуна цIа ккеялдаса цIуниялъул алатал, шкафал, столал ва цогидабги босизе.

- Ниж хIажатабщиналдалъун хьезарун руго, лъималазул умумулги рази руго, гьел нижедаса разильиги, лъикIаб тарбия, гьваридаб лъай щварал гьитIичал гIун рачIинги буго нижер мурадги, - ян лъугIизабуна Асмаца хабар.

**Къурмагьиз ХIадисова**

ДЕМОГРАФИЧЕСКАЯ ПОЛИТИКА

# Чтобы нация не старела и не деградировала

### Микроперепись населения 2015 года как отражение демографической ситуации современной России

**Согласно Федеральному закону «О Всероссийской переписи населения» не реже одного раза в десять лет в Российской Федерации должны проводиться переписи населения. Однако большой срок между переписями приводит к тому, что, отдаляясь от даты проведения переписи, отдельные данные уже не отражают современное состояние общества.**

Для обеспечения органов власти актуальной информацией о ходе выполнения программ демографического, социального и экономического развития и вновь появившихся проблемах, требующих внимания органов власти, на территории всех субъектов Российской Федерации с 1 по 31 октября 2015 года будет проводиться микроперепись населения с охватом примерно 1,7% постоянного населения.

В отличие от переписи, при микропереписи населения будут более широко изучаться вопросы, связанные с демографической ситуацией, сложившейся в стране. Итоги последней переписи населения показали, что продолжается процесс старения населения, наметились тенденции уменьшения численности лиц, состоящих в браке и лиц, никогда не состоявших в браке, выросла численность разведенных и вдовых. Сокращается среднее число рожденных женщинами детей. Для получения актуальной информации о состоянии рождаемости в стране, при проведении микропереписи будут заданы вопросы не только о том, сколько женщина родила детей, но и вопросы отдельно к мужчинам (в возрасте 18-59 лет) и к женщинам (в возрасте 18-44 лет) о том, сколько всего детей, включая уже имеющиеся, собираются они иметь и сколько детей хотелось бы им иметь при наличии всех необходимых условий. Если мужчина или женщина укажут, что хотят иметь детей больше, чем собираются иметь, то будет выяснено, в какой степени определенные условия могли бы способствовать рождению желаемого числа детей. Каждое из двенадцати условий для рождения ребенка, содержащихся в опросном листе, будет оцениваться самим населением по пятибальной оценке. В перечень условий для рождения ребенка включены:

- возможность получения ежемесячного денежного пособия (предоставления оплачиваемого отпуска) по уходу за ребенком до 3 лет;
- возможность получения федерального материнского (семейного) капитала;
- возможность получения материнского (семейного) капитала, установленного в регионе проживания:
- возможность получения ежемесячной денежной выплаты на третьего ребенка в размере прожиточного минимума ребенка, установленного в регионе проживания;
- возможность без проблем получить место для ребенка в детском саду, яслях;
- налоговые льготы работающим родителям;
- предоставление семьям с тремя и более детьми земельных участков под строительство жилого дома;
- возможность иметь гибкий график работы (или неполный рабочий день/неделю, или дистанционно, на дому);
- возможность профессиональной подготовки, переподготовки и повышения квалификации в период отпуска по уходу за ребенком в возрасте до 3 лет;
- изменение личных обстоятельств:
- повышение уровня жизни Вашей семьи;
- возможность при рождении второго или последующего ребенка получить беспроцентную ссуду на покупку жилья площадью в размере социальной нормы.

Полученная по этим вопросам информация в сочетании с такими характеристиками, как возраст, состояние в браке, занятость, обучение, имеющиеся источники средств к существованию и оценка состояния здоровья, отразит современное состояние демографической ситуации в стране, даст возможность оценить ход реализации Концепции демографической политики Российской Федерации на период до 2025 года и, в случае необходимости, принять дополнительные меры для ее успешного выполнения.

Всю актуальную информацию о ходе подготовки микропереписи населения 2015 года можно получить на странице Росстата: https://www.facebook com/rosstatistika

**Федеральная служба государственной статистики России**

БАРКАЛА КЬОЛЕБ БУГО

# Пенсиязул фондалъул жавабияб хIалтIи

**Россиялъул пенсиязул фондалъул МелъелтIа бугеб отделениялъул хIалтIухъабаз гIадамал къабул гьари, гьезул хIажалъаби тIураялде кIвар кьолеб букIин загьирлъула кида гьенире щваниги. ГIемер ккола дун дирго бугониги, Данухъ росдал гIадамазул ругониги къваригIелаз гьениве.**

Халатаб манзилалъ райцентралде рачIараб мехалда тIубан къваригIелгун тIадруссине бокьулеблъиги баянаб жо буго. Жиндир заманалда тIаде рачIаразул хIажалъабазде ралагьула ОПФралъул хIалтIухъаби **Кайпасат Исламханова, ХIабсат СагIадулаева, Бика Ибрагьимова, Марям ГIабдулгъаниева, Сидрат Зугьайрова,** хасго бищунго тириял **ХIузаймат ХIамзатова, Чакар Оцомиева.** Гьединалго тIадал хIалтIаби камилго тIуралел, гIадамазе хIеренго кIалъалел бихьиналги руго гьенир. Бокьун буго гьединал хIалтIухъаби куцарав ОПФРалъул нухмалъулев **ТIалхIат Жамалудиновасе,** гьеб идараялда хIалтIулел киназего баркала кьезе. Хадурккунги гIадамал къабул гьари, гьезул мурадал тIурай лъикI гIуцIизе Аллагьас сахлъи, халатаб гIумру кьеги гьезие. Амин.

**МухIамад СултанмухIамадов, Данухъ росу**

# Гумбет районалъул ветуправлениялъул хIалтIухъаби - мугIрузда

**Ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевгун ветуправлениялъул ветврач СайгидмухIамад ГIабдулкъадиров, кIудияв ветврач ГIали ГIалиев, Игьали ветучасткаялъул нухмалъулев ДарбишмухIамад Ибрагьимов, Гъоркь Инхо ветучасткаялъул нухмалъулев ГIабас Пирбудагъов, гьебго участкаялъул ветврач ГIабас СагIадулаев ун рукIана «Сельсовет «Игалинский» росдал поселениялъул роолил мугIрузде.**

Сапаралде гьел иналъул мурад букIана боцIуе дараби гьари. Унтун бугищан хал гьабуна 315 хIайваналъул. БоцIуда нугIал, гуренжал ратун, гьел чурана.

**«Гумбет» РИО**

2015 СОН – АДАБИЯТАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

# ЦIализе гъира балеб тIехь

**Учительзабазул махщел камил гьабиялъул институталда хIалтIулей Макка ГIалихановалъ дие сайгъат гьабун кьуна, жиндирго рос Муса ХIажимухIамадовасул «Къункърабазул тIелалъулъ бакълъулал» абураб тIехь. Гьеб гIурус мацIалде буссинабун буго Макка ГIалихановалъ. ЦIализе гъира балеб тIехь хъван буго Мусаца. Гьеб сайгъат гьабун буго КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралда 70 сон тIубаялъул юбилеялъе.**

ГIолохъанаб гIелалъе насихIатал кьураб цебергIи буго тIехьалда. Лъун руго рагъул ветераназул суратал, хъван буго гьезул бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ. ТIехьалда ратана дида лъикIго лъалел Гумбеталдаса **Салман СагIидовасул, СилахI ШайхмухIамадовасул, Чончолав Дибировасул, Темирхан Нуцалхановасул** ва цогидазулги хIакъалъулъ материалал.

Дун 2010 соналъ ун вукIана Ржев шагьаралде. ТIадкъан букIана Ржев районалъе гIоло рагъда хваразул цIарал ритIеян. ХIажимухIамадовасул тIехьалдасаги росун, дица Ржевалде баянал ритIана, Ржевский районалъул Мануйлово росулъ вукъарав мухъилав МухIамадхан ЮсупхIажиевасул хIакъалъулъ.

**Болатхан Халилулаев, Хасавюрт педколледжалъул мугIалим, багIарал лъалкIал ралагьулезул къокъаялъе нухмалъулев**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Проведение конкурса на замещение вакантной должности директора Мехельтинской СОШ, назначенного на 20 августа 2015 года отменяется, в связи болезнью руководителя образовательного учреждения, из-за чего должность руководителя учреждения оказалось не вакантной.**

**Директор образовательного учреждения находится в отпуске.**

Кроме того, квалификационные требования участников не соответствуют конкурсным требованиям.
19. 08. 2015 г.

**Организатор конкурса**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Мехельтинский интернат объявляет набор учащихся на 2015/16 учебный год по следующим направлениям:**

химия и биология - 9 -11 классы
математика 5-9 классы
русский язык 5-9 классы
англ. язык 5-9 классы.

Дистанционное обучение по всем этим направлениям для всех школ района.

**Тел. 928 530 78 90.**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Кьурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкьалъ кьимат кьезелъун.